



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KIT ZOUTI IVÈNAL POU NOUVO FAZ REPONS
COVID LA: KENBE NEW YORK AN SEKIRITE, OUVRI EPI AN PWOGRÈ**

Egzijans mask oswa vaksen pou antre anndedan biznis nan tout eta pral leve apati 10 fevriye, li rete opsyonèl pou biznis yo, gouvènman lokal yo, Konte yo

Mas yo pral toujou obligatwa nan lopital yo, mezon retrèt yo, abri yo, transpò ak lòt antite ki gen lyen ak yo

Egzijans ki gen rapò ak mask nan lekòl yo ap kontinye epi yo pral re-evalye yo nan kòmansman mwa mas la, apre vakans mitan ivè a, dapre done sante piblik yo

Lidè Swen Sante, Biznis ak Mendèv yo fè lwanj pou repons fas ak COVID-19 ki syantifik epi ki baze sou prèv Gouvènè Hochul la

Gade prezantasyon Gouvènè Hochul la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo [Kit Zouti Ivènal](#) New York pou nouvo faz pandemi an, ki vize kenbe New York an sekirite, ouvri epi an pwogrè. Kit Zouti Ivènal la konsantre sou senk domèn prensipal: pwoteje Nouyòkè ki pi vilnerab yo, ogmante vaksinasyon ak dòz rapèl yo, ranfòse sistèm swen sante nou an, ekipe lidè lokal yo, ak sipòte moun k ap fè fas ak konsekans COVID alontèm.

"Pandan n ap kòmanse yon nouvo faz nan repons nou an nan kad pandemi sa a, pi gwo priyorite mwen se asire nou ke nou kenbe New York an sekirite, ouvri ak an pwogrè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye travayè swen sante yo, pwopriyetè biznis yo ak Nouyòkè chak jou yo ki te aji yon fason responsab pandan vag Omikwon yo lè yo te mete mask epi pran vaksen an. Men, pa twonpe tèt ou: pandan n ap avanse nan bon direksyon an, pandemi sa a pa fini e nouvo Kit Zouti Ivènal nou an montre nou chemen pou lavni an."

Gouvènè Hochul te anonse ke egzijans pou mete mask oswa pran vaksen pou antre anndan biznis la nan tout eta a pral leve apati jedi 10 fevriye, epi li pral rete opsyonèl pou biznis yo, gouvènman lokal yo ak konte yo aplike li. Pwotokòl sa a, yon mezi tanporè ki te aplike nan dat 10 desanm pandan ka yo te ogmante nan tout eta a, se te yon zouti efikas pou adrese vag ivènal la ak ogmantasyon varyant Omikwon an. Ak kantite ka yo k ap bese epi kantite moun ki entène lopital ki bese anpil, mezi tanporè sa

a pa nesèsè ankò nan tout eta a. Konte yo, vil yo, ak biznis yo pral kapab patisipe nan egzijans mask oswa vaksen an si yo vle.

Mas yo rete yon zouti enpòtan pou konbat pwopagasyon COVID-19, epi egzijans pou mete mask yo ap rete an plas nan kèk anviwònman ki gen gwo dansite. Tout anviwònman swen sante ki reglemante pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak lòt ajans eta ki gen rapò ak yo pral kontinye egzije mask yo. Mask yo pral obligatwa tou nan mezon retrèt yo, sant swen pou granmoun yo, sant koreksyonè yol, sant detansyon, abri pou moun ki sanzabri yo, ak abri pou moun ki sibi vyolans domestik yo, nan transpò piblik ak nan sant transpò yo, ansanm ak tren, avyon ak ayewopò an akò ak règleman federal yo.

Gouvènè Hochul te anonse tou plan pou evalye egzijans mask la nan lekòl yo nan kòmansman mwa mas la, pou asire etidyan yo ka kontinye aprann an pèsòn ak nan salklas. Evalyasyon an pral baze sou done sante piblik yo, ki gen ladan mezi kle yo tankou ka pou chak 100,000 rezidan, to admisyon nan lopital yo, to vaksinasyon, tandans global ak kantite timoun ki entène lopital. Plan yo deja fèt pou distribye de tès pou chak elèv K-12 yo anvan vakans mitan ivè a, epi kontinye distribisyon semèn apre a lè elèv yo retounen lekòl. Antretan, Gouvènè Hochul te mande Depatman Sante a pou travay sou konsèy preliminè, ak opinyon edikatè yo ak paran yo, pou kenbe elèv yo ak pwofesè yo an sekirite.

Ak yon nouvo faz nan kòmansman pandemi an, Gouvènè Hochul te devwale yon nouvo Kit Zouti Ivènal pou ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Kit Zouti a gen ladan efò pou:

1. Pwoteje moun ki pi vilnerab yo
2. Ogmante Aksè ak vaksen yo, dòz rapèl yo ak tès yo
3. Ranfòse sistèm sante a
4. Ekipe lidè lokal yo
5. Sipòte Nouyòkè k ap fè fas ak konsekans COVID alontèm yo

Pwoteje Moun ki Pi Vilnerab yo

Eta New York pral kontinye achte ak distribye mask ak tès bay Nouyòkè yo pou asire moun ki bezwen yo ka jwenn aksè ak yo. Depo tès eta a gen 92 milyon tès. Gen plis pase 14.2 milyon tès ke yo deja distribye nan lekòl yo epi yo pral kontinye distribye tès yo jan sa nesèsè. Yo te distribye 4.2 milyon tès nan mezon retrèt yo, 2.4 milyon tès nan etablisman swen pou granmoun/kolektif yo, ak 4 milyon tès nan konte yo.

Yo deja distribye 1.28 milyon mask nan mezon retrèt yo ak 5.5 milyon mask nan konte yo.

Règ pou vizit nan mezon retrèt yo ap rete an plas. Vizitè yo dwe montre prèv yon tès negatif nan espas 24 èdtan vizit yo a epi mask yo pral rete obligatwa.

Egzamen yo pral disponib lajman pou elèv yo nan objektif pou elèv K-12 yo ka ale lakay yo pou Vakans Mitan ivè a ak de tès.

Ogmante Aksè ak Vaksen yo, dòz Rapèl yo ak Tès yo

- Sit vaksinasyon ak tès an mas nan Eta New York yo pral rete ouvè pou asire tout Nouyòkè ki elijib yo ka jwenn aksè ak premye, dezyèm ak twazyèm dòz yo pou tèt yo ak pou pitit yo.
- Pwogram tanporè #VaxForKids Eta a ap kontinye elaji ak 63 nouvo sit ki te etabli jodi a ak 193 sit ki te etabli jiska dat. Efò sa a pote vaksen an dirèkteman bay paran yo, gadyen yo ak pitit yo nan lekòl lokal pa yo, sant kominotè yo, ak destinasyon yo tankou mache kiltivatè yo pou rann pran vaksen an pratik ak aksesib pou fanmi yo.
- Eta New York ap prepare aktivman pou vaksen Pfizer-BioNTech vin sou entènèt pou timoun ki pa ko gen 5 ane yo.
- Efò edikasyon solid Eta a ap fè pou rive jwenn Nouyòkè yo ak bon enfòmasyon ki baze sou lasyans sou vaksen an ap kontinye, tankou atravè [piblisite tradisyonèl](#), ak kanpay dijital ak miltimedya, ak efò mesaj dirèk atravè mesaj tèks SMS, apèl otomatik, ak notifikasyon otomatik Excelsior Pass la.
- Tout 61 [sit tès](#) ki opere pa eta a epi ki fè patenarya ak eta a pral rete ouvè pou bay Nouyòkè yo aksè ak tès COVID-19.
- Tès yo rete disponib tou nan plis pase [1,800 sit](#) nan tout eta a nan chak rejyon nan Eta a.

Ranfòse Sistèm Swen Sante a

Pou rezoud pwoblèm mank yo, [Dekrè Egzekitif 4](#) pou ogmante fleksibilite anplwaye yo pral rete an plas. Gad Nasyonal pral [kontinye](#) resevwa fòmasyon pou kapab bay anplwaye nan kote ki nesesè yo tou.

Nan kad [Plan 2.0 kont Vag Ivènal](#) (Winter Surge Plan 2.0) Gouvènè a, Eta a deja deplwaye ekip Espesyalite Medikal (Medical Specialty Teams, MSTs) ki gen 20 manm ki soti nan ekip sipò lopital militè Ameriken an nan Sant Medikal Konte Erie (Erie County Medical Center), yon ekip ki gen 35 manm nan SUNY Upstate nan Syracuse, ekip ki gen 92 nouvo anbilans nan diferan rejyon nan eta a, ki gen ladan 50 nan NYC, ak de ekip Espesyalite Medikal ki gen 20 pèsonèl ki soti nan Depatman Defans la nan [Strong Memorial Hospital](#).

Gouvènè Hochul te dekri tou investisman pou ranfòse sistèm swen sante a nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 li a ak nan Bidjè ane fiskal 2023 li a. Yo pral investi 10 milya dola pou ogmante mendèv swen sante a pa ven pousan nan senk ane. Yo pral investi 4 milya dola nan salè ak bonis pou sispann emoraji anplwaye swen sante yo. 1.6 milya dola pral investi atravè Plan Kapital la.

Ekipe Lidè Lokal yo

Anons Gouvènè Hochul jodi a vini apre konsiltasyon ak lidè lokal yo sou etap eta a ap pran pou konbat COVID-19.

Sipòte Nouyòkè k ap Fè Fas ak Konsekans COVID Alontèm yo

- Jedi pase a, Depatman Sante Eta a te òganize yon [fowòm ekspè](#) sou COVID Kwonik epi plis pase 2,000 moun te anrejistre pou wè panèl yo. Panelis yo te genyen ladan li espesyalis, klinisyen, syantifik sosyal, pasyan ak defansè ki te pataje eksperyans, ekspètiz, ak opinyon yo.
- Diskisyon sa a, ansanm ak konsantrasyon ak etid kontinyèl Depatman an, pral enfòme repons Eta a ki pral kouvri politik, règlemantasyon, ak konsiderasyon pwogram pou sipòte Nouyòkè ki soufri ICOVID kwonik yo ak founisè swen sante k ap pran swen yo.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare: "Nan chak etap pandemi an, epi depi lè Omikwon te parèt, Depatman Sante a te kontwole lasyans pou enfòme repons COVID-19 ki baze sou done Eta a. Jodi a, nou rive nan yon pwen enpòtan nan batay nou an kote prèv vaksen oswa egzijans mask pou biznis yo, restoran yo ak lòt espas piblik alanterye yo pral ekspire. Pandan vag ivènal la ap bese, pran vaksen an ak dòz rapèl yo rete enpòtan pou kontinye pwogrè nou deja fè a, epi mete mask la rete yon kle pou kenbe timoun yo nan lekòl yo an sekirite epi kenbe tout moun an sekirite nan transpò piblik ak lòt kote ki gen anpil moun yo. Pandan n ap kontinye evalye done yo, Depatman an konsantre tou sou asire ke sipò ki nesèsè yo la pou moun ki soufri COVID kownik."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Eta New York la, Heather Briccetti, te deklare, "Pandan pwoteje sante piblik la rete pi gwo enkyetid nou, nou apresye tou efò Gouvènè a pou asire ke politik eta yo reflète nivo COVID ki toujou ap chanje. Pandan tout pandemi an, anplwaye yo te pran prekosyon sekirite ki nesèsè yo epi yo te swiv direktiv eta ak federal yo pou asire sekirite anplwaye yo ak kliyan yo. Nou espere ke nouvo politik yo pral ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye sipòte biznis New York yo ki toujou ap rekipere apre pandemi an."

Prezidan Asosyasyon Konte Eta New York yo (New York Association of Counties, NYSAC), Martha Sauerbrey, te deklare, "Nou aplodi desizyon Gouvènè Kathy Hochul te pran pou leve manda mask nan tout eta a epi pèmèt yo pran desizyon lokal konsènan mezi prevansyon kont COVID-19 yo. Lidè lokal yo ak ofisyèl sante yo gen fòmasyon ak ekspètiz sante piblik pou asire sante ak sekirite piblik la an jeneral. Nenpòt etap nan direksyon nòmal se yon bon etap pou rezidan nou yo ak biznis yo ki te lite anpil pou pwoteje youn lòt pandan prèske de zan. Nou rekonèt mezi sante piblik Gouvènè Hochul te pran yo, ki gen ladan tès yo, vaksinasyon yo ak asistans pou jesyon ijans yo, pandan pandemi sa a epi nou apresye mezi li te pran pou adrese vag sa a san li pa mete lòt restriksyon sou biznis yo. Kounye a nou akeyi opòtinite pou ramne kontwòl maladi kontajye nan konte yo."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare, "Desizyon Gouvènè Hochul pran pou pèmèt ekspirasyon manda mask yo nan espas travay la pral ankouraje anplwaye yo retounen nan biwo yo epi akselere rekiperasyon ekonomik vil la. Se bon desizyon an."

Building and Construction Trades Council of Greater New York President Gary LaBarbera said, "Manda mask la te ede kenbe gason ak fanm k ap travay New York yo an sekirite ak an sante pandan moman ki pi ensèten ak volatil nan kriz sante piblik la. Soulajman nan manda mask alenteryè pou biznis yo se yon siy pozitif nan rekiperasyon New York la, paske se yon rezilta dirèk ka COVID-19 yo k ap bese atravè eta a epi, nou espere ke, pandemi an li menm ap bese. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip reflechi ak fèm li nan navige New York nan moman ensèten sa yo."

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Lè nou konsidere anons la jodi a, nou remèsye gouvènè a paske li asire patwon yo toujou gen responsablite dapre lwa eta a, tankou Lwa sou Sekirite ak Sante Anplwaye Piblik (Public Employee Safety and Health Act) ak Lwa HERO (HERO Act) New York, ki rete an vigè. Lwa sa yo etabli pwotokòl sekirite pou pwoteje travayè yo ak piblik la. Pou pi devan, nan absans manda mask la, patwon yo dwe kontinye travay ak anplwaye yo pou asire ke pwoteksyon apwopriye yo an plas."

Melissa Fleischut, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta New York (New York State Restaurant Association) la, te deklare, "Pandan pwoteje sante piblik la rete pi gwo enkyetid nou, nou apresye tou efò Gouvènè a pou asire ke politik eta yo reflekte nivo COVID ki toujou ap chanje. Pandan tout pandemi an, anplwayè yo te pran prekosyon sekirite ki nesèsè yo epi yo te swiv direktiv eta ak federal yo pou asire sekirite anplwaye yo ak kliyan yo. Nou espere ke nouvo politik yo pral ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye sipòte biznis New York yo ki toujou ap rekipere apre pandemi an."

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Konsèy pou Revandè nan Eta New York la, Melissa O'Connor, te deklare, "Gouvènè Hochul pandan plizyè semèn ki sot pase yo te priyorize sante ak sekirite Nouyòkè yo, pandan li te rekonèt enpòtans pou kenbe ekonomi an ouvri pandan 'vag ivènal' COVID-19 la nan New York. Anons jodi a se yon devlopman pozitif pou revandè atravè eta a epi n ap kontinye kolabore ak Gouvènè a nan efò rekiperasyon ekonomik la."

Prezidan Asosiyasyon Lopital Greater New York, Kenneth Raske, te deklare, Asosiyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association) sipòte totalman desizyon Gouvènè Hochul pran pou kite manda mask yo ekspire. Erezman, kantite moun entènè lopital akòz COVID te diminye dramatikman nan semèn ki sot pase yo e nou optimis ke tandans sa a pral kontinye, sitou lè plis Nouyòkè ap pran vaksen an. Retounen nan yon nivo nòmal ki posib se egzakteman sa ki nesèsè. Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip eksepsyonèl li pandan moman ekstrawòdinè difisil sa a epi, kòm toujou, nou pare pou ede nan nenpòt fason ki nesèsè pou konbat pandemi sa a.

Mike Dowling, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health, te deklare, "Mwen sipòte desizyon Gouvènè a. Li rezonab ak epi li baze sou done. Kounye a se moman pou kòmanse travèse pou ale nan yon fason pou viv ki pi nòmal."

Thomas J. Quatroche Jr., PhD, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Sant Medikal Konte Erie, te deklare, "Gouvènè Hochul te klèman konprann ke endistri restoran an pa te kapab siviv yon lòt fèmti, epi manda mask la te ede asire ke nou te ka rete ouvè pou moun k ap manje alenteryè menm lè ka yo te ogmante. Kounye a pandan mezi yo ap kontinye evolye nan bon direksyon an epi konfyans konsomatè yo ap ogmante, nou ap kenbe espwa ke pi bon moman ap vini epi nou ka kontinye rekiperasyon nou an apre jou ki pi sonm pandemi an yo. Apwòch mezire sa a balanse enkyetid sante piblik yo ak bezwen pou kenbe pòt nou ouvri."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)